



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEPATMAN TRAVAY ETA NEW YORK LANSE NOUVO APLIKASYON SENPLIFYE  
POU NOUYÒKÈ YO APLIKE POU ASISTANS CHOMAJ PANDEMIK LA SAN YO PA  
TE BEZWEN APLIKE POU ASIRANS CHOMAJ ANVAN**

*Te leve règleman federal konplike ki te ralanti New York nan distribisyon benefis  
yo*

*Ansanm ak deplwaman aplikasyon amelyore maten sa a, plis pase 3,100  
reprizantan DOL ki sèlman devwe pou reponn nesosite benefis pou chomaj nan  
kad pwosesis amelyore*

*Depi kriz COVID-19 la te kòmanse, DOL te peye 2.2 milya dola nan benefis pou  
chomaj bay 1.1 milyon Nouyòkè*

*Reta nan apèl pou aplikasyon anvan 4/8 te redui sòti nan 275,000 rive nan 4,305*

Depatman Travay Eta New York te anonse jodi a lansman yon nouvo aplikasyon pou Nouyòkè yo aplike pou Asirans Chomaj tradisyonèl oswa nouvo Asistans Chomaj Pandemik COVID-19 la. Aplikasyon milti-fonksyon sa a pou benefis chomaj yo pral konekte Nouyòkè yo ak benefis yo merite yo pi vit san yo pa bezwen rele Depatman Travay (Department of Labor, DOL).

Anvan jodi a, akòz difikilte direktiv federal yo, Nouyòkè yo te gen obligasyon pou aplike pou Asirans Chomaj regilye ak jwenn rejè anvan yo aplike pou Asistans Chomaj Pandemik. Avèk nouvo aplikasyon sa a, ki aliye ak règleman federal ki te mete ajou a, Nouyòkè yo pral kapab sèlman ranpli yon fòm pou jwenn benefis kòrèk la.

Ansanm ak deplwaman aplikasyon amelyore maten sa a, DOL te deplwaye plis pase 3,100 reprizantan ki sèlman devwe pou reponn nesosite benefis pou chomaj yo sèt jou sou sèt. Se plis pase 400 moun ki te nan sèvis nan sant apèl DOL la anvan pandemi an.

Depi kriz COVID-19 la te kòmanse, DOL te peye anviwon 2.2 milya dola nan benefis Asirans Chomaj bay 1.1 milyon Nouyòkè. Reta nan apèl pou aplikasyon an anvan 8 avril te redui sòti nan 275,000 rive nan 4,305.

"Mwen te nan chomaj tou anvan sa mwen menm, epi mwen konprann doulè, laperèz ak enkyetid Nouyòkè yo ap fè fas. Misyon DOL se pou ede vwazen nou yo nan kèk nan jou ki pi difisil yo epi nan semèn pase a nou te fè gwo pwogrès nan mete sistèm nou yo ajou", **Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,**

"Pandan ta sanble ke pandemi kowonawiris la kòmanse estabilize — omwen selon pèspektiv sante piblik la — nou konnen ke anpil Nouyòkè toujou ap fè fas ak yon lavni ekonomik ki pa sèten epi Depatman Travay la pral kontinye devwe tout resous ki disponib pou ede Nouyòkè yo afwonte tanpèt sa a."

Sistèm aplikasyon benefis pou chomaj ki te mete ajou a, disponib isit la, pral detèmine ki pwogram chomaj — asirans chomaj oswa Asistans Chomaj Pandemik — Nouyòkè yo dwe aplike pou li epi ap resevwa enstriksyon pou reponn yon ansanm kesyon espesifik. Aplikasyon an chita sou nouvo sistèm sou entènèt depatman an te deplwaye nan vandredi 10 avril, nan patenarya avèk Biwo Sèvis Enfòmasyon Teknolojik Eta (State Office of Information Technology Services) a ak Google Cloud, pou ede jere ogmantasyon eksponansyèl ak san parèy nan nouvo reklamasyon yo ke pandemi COVID-19 la lakòz.

Pwogram Asistans Chomaj Pandemik (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) la, ki te fè pati Lwa Federal CARES la, bay benefis pou chomaj pou moun ki pa kalifye pou asirans chomaj tradisyonèl. Egzanp sila yo PUA pa kouvri gen ladan:

- Nouyòkè ki otonòm;
- Kontraktè endepandan;
- Nouyòkè ki te travay pou yon konpayi aplikasyon (tankou "travayè tanporè")
- Agrikiltè;
- Sila yo ki dyagnostike ak COVID-19 oswa ki gen sentòm COVID-19 epi k ap chèche dyagnostik;
- Sila yo k ap viv avèk yon manm nan kay ki te dyagnostike ak COVID-19;
- Sila yo k ap pran swen yon manm fanmi oswa manm nan kay la ki dyagnostike ak COVID-19;
- Yon founisè swen primè pou timoun ki pa kapab ale lekòl oswa nan yon lòt sant akòz COVID-19 la;
- Sila yo ki pa ka ale nan espas travay yo akòz yon karantèn ke yo enpoze oswa akòz yon pwofesyonèl medikal te konseye yo pou mete pwòp tèt yo an karantèn akòz COVID-19;
- Sila yo ki te pwograme pou kòmanse yon nouvo travay epi ki pa ka ale nan espas travay yo kòm yon konsekans dirèk COVID-19;
- Sila yo ki te tounen moun prensipal ki ap mete manje sou tab lakay yo akòz chèf kay la te mouri nan COVID-19;
- Sila yo ki kite travay yo kòm yon konsekans dirèk COVID-19;
- Sila yo ki gen espas travay yo ki fèmen kòm yon konsekans dirèk COVID-19;
- Sila yo ki pa gen ase eksperyans travay epi ke COVID-19 la afekte; epi
- Nouyòkè ki pa kalifye pou benefis regilye oswa pwolonje UI epi ke COVID-19 la afekte

Anplis de sa, n ap raple Nouyòkè ki konsène pou ensekirite alimantè yo ke resous sa yo disponib nan eta a. Nenpòt moun k ap chèche asistans ka jwenn yon bank alimantè lokal, ki gen ladan sila yo ke Eta New York sipòte, nan vizite sitwèb Feeding America isit la.

Depatman Travay Eta New York la devwe pou garanti ke chak Nouyòkè ki otorize pou resevwa benefis asirans chomaj yo pral jwenn tout benefis ki dwe yo. Nouyòkè k ap chèche depoze yon reklamasyon pou asirans chomaj dwe vizite [labor.ny.gov](http://labor.ny.gov) oswa rele Sant Reklamasyon nan Telefòn nan (888) 209-8124 Anba a w ap jwenn kèk resous ki pral ede Nouyòkè yo nan depoze reklamasyon yo:

[Fèy Ransèyman sou Asistans Chomaj Pandemik](#)

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)